IMPLANTS

Long – Acting Reversible
Progestogen Only Contraceptives

KURONGA MHURI: ISARUDZO YAKO

CHII CHINONZI MAIMPLANTS

MAIMPLANTS TUMITI TWEPLASTIC

- MaImplants tumiti tweplastic tungaenzaniswe netwemachisi. Anopfekerwa pasi peganda reruwoko rwemudzimai. Anoiswa pasi peganda reruwoko rwemunhukadzi nekuzobviswa namukoti kana nachiremba.
- MaImplants inzira yekudzivirira kubata pamuviri inogona kushandiswa nevanhukadzi vakawanda.

MAIMPLANTS ANOSHANDA SEI?

- MaImplants anodonhedzera tumishonga twekudzivirira pamuviri zvishoma nezvishoma. MaImplants anoshanda zvikuru, uye inzira inoshanda kudzivirira pamuviri kwenguva refu asi ichizogona kupishinurwa kuti pamuviri pabate kana podiwa.

MHANDO DZEMAIMPLANTS

Kune mhando mbiri dzemaImplants dzinoti;

A

Jadelle
(Progestogen- Only Contraceptive); Mhando iyi ine tumiti tuviri tune mishonga inodzivirira kubata pamuviri kwemakore anosvika mashanu.

B

Implanon
(Progestogen- Only Contraceptive); Iyi imhando ine kamuti kamwe chete kane mushonga unodzivirira pamuviri kwemakore anosvika matatu.



MaImplants anodzivirira pamuviri nezvikamu zvinopfuura makumi mapfumbamwe nepfumbamwe kubva muzana (99, 8%)

NDIANI ANOGONA KUSHANDISA MAIMPLANTS?

- Vanhukadzi vose zvavo kusanganisira vasati vamboita pamuviri vanokwanisa kumashandisa kusanganisira:
  - Vemazera ese vavekuita zvepabonde.
  - Vachangobva kubatsirwa / kusununguka.
  - Vari kuyamwisa.
  - Varikurarama nehutachiona hweHIV.

NDIANI ASINGAKWANISE KUSHANDISA MAIMPLANTS?

- Vanhukadzi vane hurwere hunosangasira:
  - kuoma mutezo.
  - dambudziko rekugwamba kweropa.
  - dambudziko remoyo.
  - BP isingadaviri mushonga.
  - Chirwere cheshuga chisingadaviri mushonga.
  - Gomarara remazamu.
  - Dambudziko rechiropa.
  - Kubuda kweropa zvisina tsarukano kusikarudzi yemunhukadzi, kusvika dambudziko iri raonekwa nachiremba, rarapwa

ZVAKANAKIRA MAIMPLANTS

- Anogona kubviswa nguva ipi zvayo kana munhukadzi/vaviri voda pamuviri kana imwe mhando yekudzivirira pamuviri.
- Munhukadzi anogona kubata pamuviri achangobviswa maImplants.
- Anoshanda kwenguva refu inosvika kumakore matatu kusvika mashanu, zvichibatsira avo vane dambudziko rehanganwa.
- Haakanganisi bonde

ZVINOGONA KUITIKA NEKUSHANDISA MAIMPLANTS

Vanhukadzi vazhinji havasangani nematambudziko mukushandisa maImplants, kune vanenge vasangana nawo vanokurudzirwa kuenda pakiriniki iri pedyo navo.

Zvimwe zvingasanganikwe nazvo mukushandisa maImplants ndeizvi;

- Kusanduka kwemazuva ekutevera.
- Kurwadziwa nemusoro.
- Kuwedzera muviri.
- Kurwadziwa nemazamu.
- Kunzwa kuda kurutsa.
- Kusvotwa dzimwe nguva.
- Kunzwa kupera simba.

YAMBIRO:

- MaImplants haadzivirire zvirwere zvepabonde kusanganisira HIV.

KURONGA MHURI: ISARUDZO YAKO

Kuti munzwe zvizhinji nezvekuronga mhuri kana kudzivirira pamuviri, shanyirai chipatara, chiremba, nzvimbo dzinotengesa mishonga (pharmacy), vana mbuya/sekuru utano (Community Based Distributors /CBDs) kana imwewo nzvimbo yezvehutano.

Developed and Produced By
ZIMBABWE NATIONAL FAMILY PLANNING COUNCIL
Headquarters and Spilhaus Centre
No. 1 Swiss Way
Harare Hospital Grounds
P.O Box ST 220 Southerton
Harare, Zimbabwe
Tel: (0292) 69410 / (0242) 661584
Email: pr@znfpc.org.zw
www.znfpc.org.zw

Technical and financial support from United Nations Population Fund (UNFPA)